

Eske w panse yo taka vyole dwaw gen pou w jwenn lojman san patipri?

Ekri Tout Bagay Sou Papye!!

Pou w ka ede tèt ou pi byen, li enpòtan anpil pou w ekri detay yo sou papye. Prepare yon "orè" sou sa ki te pase lè w te eseye lwe oswa achte yon kote pou w rete.

Oufèt pou mete:

- ❖ Dat ak lè ensidan an te pase a;
- ❖ Non, adrès ak nimewo telefòn tout moun ki gen rapò ak ensidan an;
- ❖ Nenpòt reklam pou kay ou te wè;
- ❖ Nenpòt dokiman yo te ba w.

Kontakte Sant pou Lojman san patipri nan Boston!!

Sant lan ap travay avèk ou dirèkteman pou li ka rezoud pwoblèm nan oswa lap voye ka w la bay swa yon avoka, swa bay U.S. Dept. of Housing and Urban Development (Depatman pou Lojman ak Devlòpman Iben nan Etazini), oswa bay Massachusetts Commission Against Discrimination (Komisyon kont Diskriminasyon nan Massachusetts). Sant lan pap pran okenn aksyon pou w san li pa gen konsantman ou. Ou ka jwenn nou nan (617) 399-0491. **Lè w telefòne, tanpri rete sou liy lan jiskaske nou konekte w ak yon entèprèt.**

Sant pou Lojman san patipri nan Boston

ankouraje pou tout moun tou patou nan zòn Greater Boston an jwenn menm opótinite a lè yap chèche kay pou yo rete.

Nou te nan konde Essex, Middlesex,
Norfolk, Plymouth, ak Suffolk.



59 Temple Place, #1105
Boston, MA 02111
Phone: (617) 399-0491
Fax: (617) 399-0492

TTY users, please call the MA Relay Service at
1-800-439-2370

E-mail: info@bostonfairhousing.org
www.bostonfairhousing.org



Haitian National Origin

Dwa w genyen pou jwenn lojman san patipri:

Orijin Nasyonal



**Se Sant pou Lojman san
patipri nan Boston
ki prepare bwochi saa.**

"Ou ta ka pi alèz nan yon lòt katye..."

"Mwen va montre w yon apatman apre mwen fin wè green card (grinkat) ou..."

"Eske w se ameriken..."

"Mwen bezwen wè prèv ou gen rezidans..."

"Yon moun fèt pou pale angle..."

Eske w abitye tandem bagay sa yo? Si w di wi, yo vyole dwa w genyen pou w jwenn lojman san patipri. Lalwa eta kote w rete a ak lalwa federal fè konnen li ilegal pou yo fè diskriminasyon kont moun kap chèche kay poutèt ras yo oswa orijin nasyonal yo.

Li ilegal pou yon pwopriyetè kay oswa yon koutye ki chèche kay pou moun refize lwe w kay poutèt ras ou, koulè, peylkote w te fèt la, zansèt ou yo, kilti w oswa lang ou!!

Reklam

Li ilegal pou yon jounal, yon pwopriyetè kay oswa yon koutye ki lwe kay enprime oswa fè yon deklarasyon ki gen diskriminasyon ladan yo.

Lòt kondisyon diferan

Li ilegal pou yo egzije lajan sekirite anplis oswa pou chaje kèk moun kap chèche kay lajan anplis pou lwaye oswa pou rann pwosede aplikasyon an pi difisil pou kèk moun kap chèche kay poutèt orijin nasyonal yo.

Detounman

Li ilegal pou "detounen" moun kap chèche kay epi pou voye yo nan kèk kominate oswa katye byen detèminen poutèt orijin nasyonal yo.

Poukisa w oblige lanse yon defi kont diskriminasyon nan lojman?

Si w lanse yon defi kont diskriminasyon nan lojman ou ka jwenn:

- ❖ lojman tanporè;
- ❖ Peman pou nenpòt domaj emosyonèl ou soufri poutèt diskriminasyon;
- ❖ Yon lòd ki entèdi yo fè diskriminasyon nan lavni oswa yon lòd ki egzije pwopriyetè kay la oswa koutye a pou li vann kay ak yon moun ki manm yon klas lalwa pwoteje;
- ❖ Yo ka peye frè avoka a (gen kèk avoka kap pran ka a kondisyon pou yo touche si yo genyen ka a);
- ❖ Satisfaksiyon paske w konnen ou te lanse yon defi kont diskriminasyon, epi lòt moun ka pa soufri lapenn ak anmèdman ou te sibi a.

